# НУР

ISSN 0207-6551
11
2021

6+





## БДЗЭЖЬЕЙГЪЭХЪУ

Дадэ бдзэжьеящэ
Здешэр Къантемыр.
Дадэ къеубыдыр
ПащIэкIапсэ* ин.
Къантемыр и къунтхым
Къыпех бдзэжьей шыр.
«Хъунукъым, – жи Дадэ, –
Хуейщ мыр хэдзэжын.
Аргъей* хъуауэ, ину
Къэбубыдыжынщ».

Дадэ хуэсакъыпэу
ЦIыкIур еутIыпщыж.
КъызэплъэкIмэ, – инри
Къантемыр хедзэж.
«Си бдзэжьей хьэмцIажьэр
Хъунумэ аргъей,
Уэ уи бдзэжьей пIащэр,
Хъунущ, – жеIэр, – джей*!».

## ГЪУДЭ

Гъудэ – гъудэу щхьэ уадэ,
Гъудэ – гъудэу пэ дыд.
Гъудэ дамэр зыгъэву,
Гъудэ Iэщыр зыгъэцIыв.
Уэ си деж зэ къевуукIи
КъэпцIыхунщ си бадзэуэчыр*.



## ДЖЭГУЗЭХЭШЭ БЗЭГЪЭДЖЭГУ

КхъузанэкIэ кхъуафэу*,
Тхьэрыкъуэф* си кIарэу*
КIэрэхъыр* си хъурзэу*,
Бэджыхъыр си парэу*,
ПшэкIухьыр* си гъуазэу,
Хы фIыцIэр згъэзауэ.
Си шыпхъу зи ишэгъуэм
Джэдыгу хуезгъэдауэ,
БжьэпцIыфэ* Iуэтауэ,
Мин щий къыщыдэсшым
Толъкъун щIанэр* ивэу
Зы выжь сыхуэзащ.

Игъэщу вакъэнжей*,
Вы бжьакъуэм тес аргъуейр
Вэуэрэ ешати,
Фо мэрэмэжьейуэ*
Фэндищ* езгъэфащ.
Мы усэ сатырхэм
Сыкъыхуеджэжащ.
Уэри уедэIуэнум,
УкърихьэлIащ.



## ВЫМПIУ*

ВымпIу цей фIыцIэу джанэ данэху,
Пащтыхь щауэщIэу дахэу зыкъох.
Сынэгъэшэси уи щIыб щабэшхуэм,
Уэсылъэ бгыхум дыкъегъэжэх.





КIУРАШЫН Алий

## СИ ДАДЭ

Мы ди Дадэ и шырыкъур
Сэ сихуэну инщ.
Бгъэувам и упщIэ пыIэр,
ПщыIэ цIыкIу пхуэхъунщ.

Баш хьэншакъыр, хуеймэ, мазэм
Дадэ фIидзэфынщ.
Мис апхуэдэу, апхуэдизу,
Сэ си Дадэр инщ.

## СИ ХЬЭМЫЩЭ

Си Хьэмыщэ мэлыхъуэхьэщ,
Гъуагъуэ пфIощI ар банэм,
Дыгъужьыжьми текIуэнущ
Мэлыхъуэхьэ бланэр!

Арщхьэ ар сэ къызодаIуэ,
Си Iэдэжщ абрагъуэр.
Абы къокI сэ сынэхъ бланэу,
Ар зыгурывгъаIуэ!

* * *

УСЭХЭМ Я ПСАЛЪАЛЪЭ:

**Бдзэжьейхэр:**

ПащIэкIапсэ – усач.
Аргъей – лосось.
Джей – кит.
ВымпIу, тенджызбзу – пингвин.

**Кхъухьым ехьэлIахэр:**

Кхъуафэ – лодка.
КIарэ – кормовой руль.
КIэрэхъ – лапоть.
Хъурзэ – якорь.
Парэ – носовой (рулевой) парус.

**Адрейхэр:**

Бадзэуэч – бадзэукI.
Тхьэрыкъуэф – удз, лопух.
ПшэкIухь- ореол.
БжьэпцIыфэ – фэ.
ЩIанэ – къыхэжа къэкIыгъэ.
Вакъэнжей – самодельные нитки.
Мэрэмэжьей – фадэ пIащIэ.
Фэнд – фэ хъуржын, курдюк.

Зыгъэхьэзырар *КЪАШЫРГЪЭ Фатимэщ*



# АДЫГЭБЗЭМ И ПАЩТЫХЬЫР – АФФИКСЫРЩ!

ЦIыкIухэ, аффиксхэращ адыгэбзэм и Щэхур зыхэлъыр, ар къэзыгъэхъур, зыгъэпсалъэр, зезыгъэакIуэр. Ахэр псалъэ лъабжьэм (кореным) и пэмкIи и кIэмкIи поувэ, щхьэж езым и къалэн игъэзащIэуи мэлажьэ. ЯщIэр фщIэрэ? Дэ дызыщIэупщIэну дызыхуей псоми жэуап кърат: Хэт? Дапщэ? Дапхуэдэу? Дапхуэдиз? Сыт щхьэкIэ? Н. къ.

Фи фIэщ хъуркъэ? АтIэ щапхъэм феплъыт. Мы псалъэухам плъыжькIэ къыхэгъэщар псалъэ лъабжьэхэрщ, адрей псори аффиксщ. Дауэ феплърэ! Аффиксхэращ къыдгурызыгъэIуар а псалъэухам къытхуиIуатэр.

**Щапхъэ:**

СызэщIэ**умэзэх**эпарэ сызэпкърыы**мэх**ыкIауэ зысхуэгъэ**джэрэз**ыжыфыххэнутэкъыми, зыщIэзгъэ**бзэх**ыкIыжащ.

**Псалъэу 4 къудейщ зэрыхъур, плъыжькIэ къыхэгъэщахэми я закъуэу укъеджэмэ, зыри къарымыкI!**

*Иджы мы псалъэухар урысыбзэкIэ зэвдзэкIи феплъыт абы псалъэу текIуадэм.*

*Дэ зэддзэкIащ мыпхуэдэу:*

**Урысыбзэр:** *Я от усталости настолько стала бессильной и измотанной, что больше никак не смогла бы кружиться; потому я быстро и удалилась оттуда.*

**Псалъэу 21 текIуэдащ! КъэфщIа иджы аффиксхэм я къарур?**

**ЦIыкIухэ, жыгыр фи нэгу къыщIэвгъэхьэт. Абы зы къуэпс иIэщ, къудамэ куэд гуэту, пэжкъэ? АтIэ мис абы хуэдэу псалъэ къэс лъабжьэ яIэщ, аффиксхэр пыувэрэ, щхьэж и къалэн игъэзащIэу. Мы сурэтым аффиксхэр мыIэрысэу пытщ. Лъабжьэм и пэкIэ щыIэр префикс мыIэрысэ мыхъуххэрщ (щхъуантIэу), иужькIэ – суффиксхэрщ (плъыжьу), кIэуххэр (гъуэжьу) псалъэкIэ дыдэм поувэ.**

**ШАПХЪЭ:**

Зы-с-хуэ-гъэ-джэрэз-ы-ж-ы-ф-ы-ххэ-ну-тэ-къым-и




Аффикс къэскӀэ къарыкӀыр, ягъэзащӀэ къалэнхэр къызэрывгурыӀуэм хуэдэу фтхы. Адыгэбзэр тыншу зэвгъэщӀэфынущ, аффиксхэм я зэкӀэлъыкӀуэкӀэмрэ къарыкӀымрэ зыгурывгъэӀуэфмэ.

Зыгъэхьэзырар *АБРОКЪУЭ Беллэщ*

# КЪЭРАБЭ

**(Егъэджакlуэфlыр гъэтlылъыгъэншэ хъуркъым)**

**Адыгэбзэмкlэ егъэджакlуэхэм зэхуахьэсурэ яхъума сабий тхыгъэхэм «Нурым» къахихар къытредзэ, ар зылъагъужхэри я сабиигъуэм хешэж, егъэгуфlэ.**

**Егъэджакlуэхэм къагъуэт lэмалыфlхэм ящыщ зыщ мыри:**

Урокым щlидзащ. Темэ гуэрымкlэ еджакlуэм хъыбар кlэщl зэхилъхьэн хуейщ. Егъэджакlуэм япэ псалъэухар пхъэ блыным къретхэ, сабийхэм зэрафlэфlу абы къыпащэ. Апхуэдэу зэхалъхьа тхыгъэхэм ящыщу плlы къыхэтхащ.

Егъэджакlуэм и япэ псалъэухар плъыжькlэ къыхэгъэщащ. Темэр: «Къэрабэ».

## Къэрабэм и хъыбарыр



*Зэгуэрым Инал цlыкlу хадэм ихьащ.* Абы и нэ цlыкlухэр фlызэблэжу удз гъэгъа къомым еплъырт. Зэ зым бгъэдэлъадэрти епэмырт, зэ зым едэхащlэрт, зэми зыгуэр игу иримыхьу зищlырт. Абдежым абы макъ гуэр къызэхех. Инал зеудыгъури мэдаlуэ. Ар уэрэд цlыкlут:

*Сытым дежи сэ сыдахэщ.*
*Удзу щыlэр къызохъуапсэ.*
*Дыгъэм ещхьу, сыгъуэжь дахэт.*
*Уэсым ещхьу, хужь зысщlащ,*
*Нэхъ дахэжи сэ сыхъуащ.*

*Инал макъыр къыздикlымкlэ кlуатэурэ къэрабэм lущlащ.*

*– Сыту lейуэ зыкъыпфlэщlыжа уэ!*

*– Хьэуэ, хьэуэ, зыпцl хэслъхьэркъым. Къызэплъыт! Сыдахэкъэ?*

*– Удахэщ, ауэ уи дахагъэр щlэх дыдэ пфlэкlуэдынущ. Уи фlэщ мыхъумэ, еплъыт, – жеlэри йопщэ. Асыхьэту къэрабэр къуий мэхъу.*

*Щхьэбалыджэ хъуа къэрабэр гъырт. Инал щlегъуэжауэ ар тригъэуну яужь итщ.*

*– Е, къэрабэ, кхъыlэ, умыгъ. Уэлэхьи, нэхъ дахэж ухъуам. А уи щхьэцхэри кlуэдынукъым. Сэ сощlэ, зэман гуэр дэкlмэ, а цlыкlухэр къэлъэтэжу уагъэщlэрэщlэжынущ. Ахэр, бзу цlыкlухэм хуэдэу, хуабапlэ гуэрым лъэтауэ ращ.*

*– Атlэ, сэри абыхэм я гъусэу сылъэтэну сыхуейщи, сыкъич, лъагэу сыlэти мо уафэгу къащхъуэм сиутlыпщхьэ.*

*Инал абы зэрыжиlам хуэдэу ищlащ. Къэрабэр къуалэбзу дахэ цlыкlу хъури лъэтэжащ.*

**Шыгъэлыгъуэ Алинэ**, *Исльэмей 1-нэ еджапlэм 4-нэ классым щlэсу итхащ.*
*Егъэджакlуэр* **Къейсын Фатимэщ.**

## Къэрабэ щхьэщытхъу



Зэгуэрым Инал цIыкIу хадэм ихьащ. Махуэ дыгъэпс дахэм дихьэхауэ ар псы цIыкIум и деж щетIысэхащ. Нэр зыгъэгуфIэ удз гъэгъахэр щхъуантIагъэм къыхощ. Къэрабэ гъэгъам и щхьэ баринэшхуэр Iэтауэ зыкъыхуегъэщIагъуэри щытщ:

– Сэ хэт дахагъкIэ къыстекIуэн?! Сэ схуэдэ щхьэ баринэ къыфхэтыххэкъым!

Абдежым Инал ихьэпшыр цIыкIур хадэм къилъэдащ. Инал ихъуреягъыр гуфIэу къижыхьурэ къэрабэ щхьэщытхъум жьэхэуащ. АфIэкI хэмылъуи щхьэ баринэр джафэ хъуащ.

– Хэт сэ иджы къызэплъыжынур? Си щхьэ баринэшхуэр сиIэжкъым, – гъырт щхьэбалыджэ хъуа къэрабэр.

НетIэ зыгъэбэмпIа къэрабэм иджы фIэгуэныхьу йоплъ Инал. Абы хэту зы бжьэ цIыкIу къэрабэм къытотIысхьэ.

– Уэ, Къэрабэ, уи щхьэщытхъуагъэм утекIуэдэжащ. Ауан пщIа удзхэр иджыри къуэдрэ щIэрэщIэнущ. Ауэ иджыри зы Iэмал уиIэщ удахэну. Бзу цIыкIу ухъуамэ, сытым пщIэнур?

– КъэкIыгъэхэр зыщх хьэпIацIэхэр згъэкIуэдынт, – жиIащ къэрабэм.

Жэуапыр бжьэм игу ирихьащ. Абдежым къэрабэр къуалэбзу дахэ цIыкIу хъури лъэтэжащ.

Инал цIыкIуи къыгурыIуащ щхьэщытхъугъэм фIым узэрыхуимышэр.

**Мэлыхъуэ Андемыр**, Ислъэмей 1-нэ еджапIэм
3-нэ классым щIэсу итхащ.
ЕгъэджакIуэр **Мэлыхъуэ Самарэщ**.

## Къэрабэ

Инал цIыкIу ихьащи хадэм,
Илъэгъуар щыхъуащ телъыджэ:
И гур Iейуэ хощI къэрабэм,
Магъыр, хъуащи щхьэбалыджэ.

– Иджы дауэ сыхъужыну?
Ситхэр мыгъуэ сэ сщIэжыну?
Сыкъалъагъумэ, сыукIытэнущ,
Ауанышхуэ сыкъащIынущ.

КIущэ нагъуэ делъэIункъэ,
ИщIэIами къыджиIэнкъэ.
Ар чэнджэщкIэ губзыгъэжьщ,
А дзыгъуащэр, ар бзаджэжьщ.

– Сэ фэ зыри фхуэсщIэфынкъым,
Арщхьэ фэ фигъэщIэхъункъым,
Мо Жьы къепщэм зыхуэвгъазэ,
Я унафэщIщ ар Дыгъи, Мази.

Жьышхуэм Iуэхур щыхуаIуатэм,
Ди удз цIыкIум кIэщIэпщащ.
Хужь къэрабэу зи щхьэ матэр,
Бзу цIыкIу хъури лъэтэжащ.

**Тэркъан Санетэ**, Налшык
1-нэ еджапIэ-интернатым
3-нэ классым щIэсу итхащ.
ЕгъэджакIуэр **Тэтэр Фатимэщ**.



## Къэрабэр щIэгуIар

*Инал цIыкIу хадэм ихьащ.* Ар махуэ къэс и ныбжьэгъу къэрабэм и деж лъагъунлъагъу къакIуэрт. Ауэ махуитI дигъэкIати иджы и ныбжьэгъум къыхуэпIащIэрт. Инал япэу и удзым щыхуэзам, абы и гъэгъар гъуэжьыбзэт. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым хадэм щIалэ цIыкIур ихьэри гъэгъар игъуэтыжакъым. Гузавэу къижыхьщ-нижыхьри, щимыгъуэтым, икIыжащ. Нэху зэрыщу аргуэру Инал и ныбжьэгъум лъыхъуащ. Къэрабэ цIыкIур абы къыхуэгуфIащ, дыгъэр зырыкъухьэу и гъэгъа гъуэжь цIыкIухэр зэкIуэцIилъхьэжу зэрыжеижри къыжриIащ. Дыгъуэпшыхь щIимыгъуэтыжари арат.

Абы и ужькIэ тхьэмахуэ дэкIауэ нэхъ телъыджэж къэхъуащ: гъэгъа гъуэжьыбзэм и пIэкIэ и ныбжьэгъу къэрабэм щхьэ хужь хъурей дахэ иIэу щIалэ цIыкIур Iущlащ. Аргуэру махуитI дэкIауэ Инал йохьэ хадэм. Абы къызэхех гъы макъ. Плъэмэ, и ныбжьэгъурщ гъыр: щхьэ хужь хъурей дахэм и пIэкIэ и щхьэр балыджэщ. Ар гущIыхьэу гъырт, и тхьэмпэ удзыфэ цIыкIухэмкIэ и щхьэр щIихъумэну хэту. ЩIалэ цIыкIум къэхъуар къыгурыIуэртэкъым. Зы зэман зэ и гъыныр зэпигъэури къэрабэм къыжриIащ пщэдджыжьым къепща жьыщхуэм зы щхьэц закъуи къызэрытримынар. Иджы ар апхуэдизкIэ укIытэрти, лIэмэ нэхъ къищтэрт.

И ныбжьэгъум зэрыдэIэпыкъунум егупсысу здэщытым, Инал игу къэкIыжащ я кхъужьейр унапIэ зыщIа жьындуужьым куэд зэрыхуэзэфIэкIыр. Ар жыгым псынщIэу дэпщейри жьынду жейр къигъэушащ. Зэрихабзэу, жьындур жэщ псом щакIуэ щыIати, иджы зигъэпсэхуу арат. Къэхъуар къыщищIэм, и щхьэр игъэсысри зыкъомрэ щыму щысащ. ИтIанэ къэрабэм и деж къэлъатэри и пэ папцIэр щхьэбалыджэ цIыкIум иригъэIусащ. А напIэзыпIэм къэрабэр бзу цIыкIу хъури лъэтэжащ.


**НатIэ Миланэ,** Налшык 1-нэ еджапIэ-интернатым
3-нэ классым щIэсу итхащ.
ЕгъэджакIуэр **Тэтэр Фатимэщ.**





# АБЕЙХЭ ДИАНЭРЭ АДИНЭРЭ

***Зэшыпхъуитlыр Налшык щыщщ, 2-нэ еджапlэм щоджэ, Дианэ 6-нэ «В» классым, Адинэ 4-нэ «Б» классым. Зэшыпхъуитlыр гурыхуэщ, щlэныгъэ яlэщ. lэпэlэсагъэ lэщlагъэхэу:* сурэт щlыным, таурыхъ тхыным, гуащэ дыным пасэу дахьэхри абы зыдаужьащ, куэдым щапхъэ яхуэхъуфын хуэдэу.**

Дианэ тхыдэмрэ литературэмрэ дахьэх. А цlыкlум и ныбжьым хуумыгъэфэщэн балигъ гупсысэкlи щlэныгъи иlэщ. Илъэсихым щегъэжьауэ графическэ дизайным иролажьэ псысэхэр зэхилъхьэу, анимацэм зыхуигъасэу. И сурэтхэмрэ видео трихахэмрэ интернетым щегъэлъагъуэ, абы еплъхэм ягу дохьэ. Щыхущlыхьэхэм и деж Дианэ тхыдэм ехьэлlауэ документхэмкlэ зэхагъэувэжа нэтынхэм йоплъ.

Адинэ еджапlэм зыщрагъаджэхэм щыщу нэхъ фlэхьэлэмэтыр дыкъззыухъуреихь дунейрщ, дэзыхьэхыр физкультурэрщ, зыригъащlэр хамэ къэралыбзэхэрщ (инджылызыбзэмрэ португалиебзэмрэ къахигъэщу!).

Ар блоггерщ, езым и напэкlуэцl интернетым щиlэу. Абдежым Адинэ гъэсэныгъэ-ущие лэжьыгъэхэр щрегъэкlуэкl, компьютерыр къэбгъэсэбэпу видео зэрытепхынум сабийхэр хурегъаджэ. **Адинэ и lэкlэ ида гуащэ цlыкlухэм щытепсэлъыхькlэ зы дуней гъэщlэгъуэн гуэрым ухишэу уфlегъэщl, апхуэдизкlэ ахэр псоми я хьэл-щэн яlэжу, цlыху дыдэхэм хуэдэу къегъэщlри.**

Зэгуэр зи цlэ lуну дызыщыгугъ зэшыпхъуитlыр гъащlэм щехъулlэну дохъуахъуэ!

*ХЪАРЗЫНЭ Зуридэ*






# КХЪУЕЙПЛЪЫЖЬКIЭРЫЩIЭ

*Сабий дауэдапщэ нэхъыфIхэм ящыщ зы ди адыгэщIхэм къыщощIэрэщIэж. Абы зи гуащIэ хэзылъхьэ джэгуакIуэхэм ящыщу журналист* ***Джэдгъэф Беслъэн*** *«Нурым» ди хьэщIэщ. Епсэлъар* ***ТекIужь Заретэщ.***

***КхъуейплъыжькIэрыщIэр зыхуащIу щытар унагъуэм къахэхъуа щIалэ цIыкIурт. Ар пасэрейм зэрырагъэкIуэкIыу щытам топсэлъыхь Беслъэн:***



– Лъэбакъуитху-хы зи зэхуаку икIи зи лъагагъ пкъо лъэщитI, я щхьэкIэр дыкъуакъуэу, щIым быдэу хатIэрт. Абы я щхьэкIэм бгыкъу* трагъэбыдыхьыжырти, дагъэ зыщIэзыфа фэ кIапсэр абы и кум деж къыщрадзыхырт. Къуэ пэплъэ унагъуэм къуажэм зыхамыгъаIуэ щхьэкIэ, «дадэ и кIапсэр дагъэ зэрыригъафэр» ябзыщIтэкъыми, псоми къагурыIуэрт мыгувэу дауэдапщэ дахэр зэрыщыIэнур. Гуащэми жьэгу дапхъэм плъыжьу щигъэгъурт абы кIэращIэну кхъуейр. Бгыкъум пащIэрт шхуэ*, щIопщ*, лъахъэ*, щIопщыпс, чысэ, бэлътоку, цIыкIуфэкIу куэд. Хъыджэбзхэм ягъэхьэзырт я IэкIэ ящIа хэдыкIхэр, дэнлъэчхэр*. Нэхъ IэпэIэсэ цIэрыIуэ пщащэхэми я IэрыкIхэр кърагъэхьырт. Абыхэм ящыщ гуэр щIалэхэм къыпаха нэужь ахэр зыщIам щIэупщIэрт, фIыщIэ хуащIырт, и цIэр ягъэIурт.

***Заретэ: – Сытым ухуиша а мурад дахэм? Нэхъ фейдэ хэхыпIэ дауэдапщэхэр къэбгъанэу мы нэхъ гугъум щхьэ яужь уихьа?***

***Б.:*** – КъэгъэщIэрэщIэжын хуейт. Ар зи дахагъыр цIыхум яIэщIэхужынкIэ шынагъуэ щыIэу зыхэсщIэри яужь сихьащ.



***З.: – КхъуейплъыжькIэрыщIэр пасэрей дауэдапщэм техуэу ебгъэкIуэкIрэ, хьэмэрэ зэпхъуэкIрэ?***

***Б.:*** – Ар нобэрей гъащIэм нэхъ къызэрезэгъым хуэдэу къызызогъэпэщ, ауэ нэхъыжьхэм я чэнджэщхэри архив тхыгъэхэри си тегъэщIапIэщ, хэсщIыкIымкIи кърихьэлIахэм садогуашэ. Дэ цIыхухэр дедгъэхьэхыу пхъэидзэ дощI, макъамэ-джэгу къафэ зэхыдошэ. ГуфIэгъуэр зейм я лъэIукIэ зэхъуэкIы-

ныгъэ гуэрхэри щыхэтлъхьэ щыIэщ, ауэ хабзэм и пкъыр а зэрыщыту къонэж.

***З.:** – А пкъохэр хэсэныр, абы сабий дэгъэпщеиныр шынагъуэщ. Зыгуэрым фэбжь хихынкIэ фышынэркъэ?*

***Б.:*** – Абы гулъытэ хэха хузощI. Бгырыпххэр тIурытIу, кIапсэр зэрынэми, къепхьэхыу зэрыпхыжыфын хуэдэу, цIыхур къехуэх хъуми удын имыгъуэтын хуэдэу, нэхъ сабийхэм къемыгугъуэкIыну дощI. Я ныбжь елъытауэ Iыхьит-щыуэ догуэш. Ди нобэрей зэманым къигъэувхэр къэплъытэу абы зэхъуэкIынығъэ хыумылъхьэу хъунукъым.

***З.:** – Адыгэ хабзэ дахэм егъэлеиныгъэ щыхалъхьэ щыIэщ мылъкукIэ зызыгъэщIагъуэ цIыхухэм. Къыфпэрыуэ къахэкIрэ?*

***Б.:*** – Пэжу гу лъыптащ. Иджыпсту абы кIэращIэхэми ар къегъэлъагъуэ. ЦIыхухъу джанэ, гуащэ, телефон, цIыкIуфэкIухэм къадэкIуэу дыщэ Iэлъын, фэтэр е машинэ IункIыбзэхэр фIащIэ, сом мелуан бжыгъэ я уасэу. ***Тыгъэ лъапIэхэр зыIэрыгъэхьэнырақъым абдеж щынэхъыщхьэр, атIэ зэхьэзэхуэм и дахагъэрщ, абы хэлъ джэгурщ.***

***З.:** – Сыт ныбжьым ит а пкъом дэпщейхэр?*

***Б.:*** – Илъэси 3–4 хъу сабийхэм дадэIэпыкъуурэ щыдэкIуей щыIэщ. Илъэс 60-м ит лIыкури и зэфIэкI щеплъыж урохьэлIэ. Сэ абы хэтыну зыхуэзгъэфащэр илъэс 16–25-рэ хъу щIалэхэрщ. Я саугъэт бжыгъэр 7 нэхърэ нэхъ мащIэ тщIыркъым. Кхъуейр къыфIэзыхар саугъэт нэхъыщхьэмкIэ хэIэтыкIауэ догъэлъапIэ, ауэ къыхэжаныкIхэми я цIэ идоIуэ. Джэгу-зэпеуэм хэтахэм я цIэ-унэцIэхэр дяпэкIэ интернетым къислъхьэурэ згъэгушхуэнущ.

***Дунейм къытехьа сабийм адыгэм хуилэжьым хуэдиз зиIэ лъэпкъ куэд щыIэкъым. Аращи, Беслъэн зыпэрыт Iуэхур зэрыдахэм къищынэмыщIауэ, ар ди хабзэм щыщ Iыхьэщ, ди нэхъыжьхэм я фэеплъщи, пщIэ лей лъос.***







* *Бгыкъу* – унащхьэ блыным зэпрыууэ тралъхьэ пхъэ гъум кIыхь (балка).

* *Шхуэ* – шы Iэпслъэпс, фэ кIапсэ зэрыхъэ (уздечка).

* *ЩIопщ* – шыр зэрыщIагъапхъуэ (плеть).

* *Лъахъэ* – шы хъуакIуэм и лъакъуэм иращIэ кIапсэ (путы).

* *Дэнлъэч* – дыщэ уагъэ зэIуща (тесьма).

# ГУАЩЭНАБДЗЭ ДОЩІ

Нурым и ныбжьэгъу цІыкІухэм фэдгъэлъэгъуну дыхуейщ пкІейм *(кленым)* и тхьэмпэ дахэхэмкІэ гуащэнабдзэ *(розэ)* зэращІыр.

**Дызыхуеинухэр:**

- пкІей тхьэмпэ гъуэжь дахэу зыбжанэ;
- Іуданэ;
- лэныстэ.




**Зэрытщ Іынур:**

Япэ тхьэмпэр тІууэ зэкІуэцІыдолъхьэри бжьамий цІыкІум хуэдэу дошыхьыж *(сур. 1, 2)*.

ЕтІуанэ тхьэмпэри тІууэ зэкІуэцІыдолъхьэ, зы сантиметркІэ къехьэхауэ абы ди япэ тхьэмпэр кІуэцІыдошыхьыж, сабийр шхыІэным зэрыкІуэцІалъхьэм ещхьу *(сур. 3)*.

Адрей тхьэмпэхэри апхуэдэурэ дощІ *(сур. 4, 5)*.

Удз гъэгъам и гъунэхэр быдэу Іуданэм егъэубыдын хуейщ, зэкІуэцІымыкІыжын хуэдэу. Ар и лъабжьэм къыдошэкІыж *(сур. 6, 7)*.

***Гуащэнабдзэ нэхъыбэ тщІыху Іэрамэр нэхъ дахэ хъунущ (плъыжьыфэу, щхъуантІафэу, дыщафэу тхьэмпэхэр къыхэтхмэ).***

***Удз гъэгъам тхьэмпэ къуэлэнхэр хыдоІуж. Гуащэнабдзэ Іэрамэр хьэзырщ. Ар ди мамэхэм, нанэхэм, фІыуэ тлъагъу егъэджакІуэхэм тыгъэ яхуэтщІмэ, сытым хуэдэу я гуапэ хъуну!***

***Къамбот Марианнэ***

# БЖЬЫХЬЭМ И ТЫГЪЭ ТЕЛЪЫДЖЭХЭР

Нарткъалэ дэт ***«Налмэс»*** сабий садым лэжьыгъэфІ куэд щокІуэкІ. Абы екІуалІэ сабий нэхъыжьхэм ящыщу ебгъуанэ гупым хэсхэм анэдэлъхубзэмкІэ дерс яІащ иджыблагъэ. ЕгъэджакІуэ ***ЛИ Заремэ*** сабийхэм къаригъэпщытэжащ гъэм и зэман дахэм теухуа усэхэр, псалъэжьхэр. Набдзэгубдзаплъэ цІыкІухэм хуабжьу яфІэхьэлэмэтт бжьыхьэ дыщафэр. Абы ехьэлІауэ ящІэ псори ягу къагъэкІыжу, и нэщэнэхэм яфІэфІу тепсэлъыхьу я дерсыр екІуэкІащ. ІэпэІэсэ лэжьыгъэхэр сурэтхэм щыволъагъу.



Табыхъу Анзор, Джыдэ Лалинэ, КъайцІыкІу Ясминэ



Умар Сумая, Мамхэгъ Анзор, Хьэмырзокъуэ Даянэ, Панасенко Виктория



Безаргикова Арианнэ, Іэсанэ Алим, Чигиров Рашид, Соколова Селина



Хьэндэхъу Даниела, Жыгун Ахьмэд, Вэрыкъуэ Аделинэ, Балъкъэр Залым



Бозий Даринэ, Мокаева Аминэ, Къэгъэзэж Ланэ, Хьэщыкъуей Даянэ



ЗэшэкІуу Арианэ, Сихьэ Атмир, ХьэщІэлІ Аминэ

Мысачэ Мурат

# Джэгуакlуэмрэ шейтlанымрэ-2

*(Пэщlэдзэр Нур № 9,10-хэм ярытщ)*





Благъуэм и щхьищыр нартым зэрыпигъэлъэту, ахэр лlы нэпсей ныбапцlэ хъужахэщ.




ШейтӀаныр бампӀэри зэгуэудащ.
Баргъэ!
Сэ Ӏуащхьитӏ зэхуакум сыкъыдэмыкӀамэ, дауэ ухъунут?
Бжьамий сыпхуепщэу сыщысынт…



Нарткъалэ дэт **«НАЛМЭС»** сабий садым я нэхъыжь ебгъуанэ гупыр. Балигъхэр (сэм-ижь): гъэсакIуэ **Щоджэн Людмилэ**, методист **Чыржын Заремэ**, садым и унафэщI **Семэн Iэсият**, адыгэбзэ егъэджакIуэ **Ли Заремэ**, гъэсакIуэ **Къумал Аминэ**. Сабийхэм я IэпэIэсэ лэжьыгъэхэу «Бжьыхьэм и тыгъэ телъыджэхэр» зыфIэтщар мы журналым тетщ.


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 11 2021 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*М. КАМБОТОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 28.10. 2021 г.
Выход в свет 25.11. 2021 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1502 экз.
Заказ № 2499
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**



Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.